



AVOKAT FEMINIS

Kòm yon avoka fanm nan Biwo Avoka Entènasyonal yo (BAI), m ap kolabore pou fè sistèm jistis la an Ayiti pwoteje epi sipòte fanm ak tifi ki viktim vyolans seksyèl nan respekte pwosedi legal yo.

Mwen travay tou ak òganizasyon dwa fanm yo nan fòme yo sou sa ki gen pou wè ak pledwaye pou respè dwa fanm. Mwen vin nan travay sa paske mwen grandi nan wè papa m k ap fè vyolans sou manman m epi k ap abize m. Eksperyans pa m nan sanble ak pa anpil lòt fanm ak tifi an Ayiti, kote y ap sibi vyolans seksyèl ak lòt fòm abi nan enpinite ak silans konplis sosyete nou an. Tankou anpil lòt, mwen pa t jwenn okenn sipò. Olye sa, mwen te viv ak eksperyans lan nan enteryorize stigma sosyal yo epi blame tèt mwen. Alòske silans lan bay agresè a plis pouvwa epi izole viktim nan. Se konsa mwen te aprann pale sou eksperyans mwen an kòm yon mal vyolan nou dwe konbat tout tan, epi mwen chèche yon diplòm lalwa pou mwen te kapab ede lòt moun, espesyalman moun ki pi majinalize, nan batay sa a. Mwen te rantre nan BAI an 2017 e kounye a, mwen goumen chak jou pou m avanse dwa fanm yo ak sipòte moun ki viktim vyolans ki baze sou sèks.



Ayiti ap fè fas ak yon kriz difisil kounye a, ki se pwodwi yon sistèm ki sosyalman enjis, ekonomikman inegal, ak politikman enstab. Si nou vle bagay yo vin pi bon, nou bezwen chanje radikalman sosyete nou an e sa pa ka fèt san elmine vyolans sou fanm ak tifi ak konfwonte valè macho, patriyakal.



**Pou sa, nou bezwen pi plis ak pi bon fowòm
kote viktim vyolans ak lòt mal ki gen rapò ak
sèks yo ka pataje istwa yo san danje epi
chèche sipò ak restitisyon,**

epi konsa nou ka edike ak transfòme kominote nou yo pou etabli byen fèm ke fanm ak tifi gen dwa pou lib anba vyolans, travay, epi patisipe nan lavi piblik ak politik egalman ak san pè. Epi nou pa ka jis bay objektif sa yo nan jou senbolik tankou jou aksyon sa yo oswa Jounen Entènasyonal Fanm yo; oswa satisfè tèt nou ak rantre nan konvansyon oswa lejislasyon kota ki rete fèy fig frans ki pa aplike pou gwo domaj ki dirije sou fanm ak tifi ayisyen. Nou bezwen diskite ak konfwonte ak enjistis sa yo aklè.

- ME ABIGAÏL DEROLIAN